Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# ХIинжа-ГIаларчу къепедацаршкахь хилла кхин цхьаъ а вийна Украинерчу тIамехь

Марсхьокху-бутт 11, 2026



ХIинжа-ГIаларчу аэропортера къепедацарш, 2023-чу шеран гIадужу-беттан 29-гIа

Жуьгташна дуьхьал ХIинжа-ГIаларчу аэропортехь лелийначу къепедацаршкахь дакъалаьцна кхин цхьаъ а декъашхо вийна Украинерчу тIамехь. Иза ву Джанбаруев Iумар, иза дIавуллур ву Таркхи эвлахь.

Джанбаруев кхалхарх лаьцна хаамбина Дагестанера Йукъараллин тергамчийн комиссин куьйгалхочо Хадулаев Шемала. Цо дийцарехь, вийначун виъ кIант висина. Стенгахь, маца дуьйна, йа муьлхачу Оьрсийчоьнан тIеман декъехь иза хилла а, хууш дац.

"Осторожно, новости" телеграм-канало йаздо, Джанабаруевна 2025-чу шеран мангал-баттахь таIзар динера, ткъа Оьрсийчоьнан тIеман министраллица контракт йина хилла 2026-чу шеран гIуран-баттахь.

ХӀара шолгӀа ву ХӀинжа-ГӀаларчу къепедацаршкахь дакъалаьначех Украинерчу тӀамехь вийнарг. Хьалхарниг- Муртазалиев Муртазали ву, иза дӀавоьллира маххахь гӀуран-баттахь. Хаамбора, ша тӀаме хьажийна бутт баьллачу хенахь иза вийнера бохуш.

ХӀинца, Хадулаевс дийцарехь, тӀемаш бечу меттигашкахь ву аэропортера гӀуллакхна тӀехула кхелаш йина хилла пхиъ. Кхин цхьаъ а цӀа веара, заьӀапхо хилла, дӀахьедина дагестанхойн ОНК-н куьйгалхочо.

- ХӀинжа-ГӀалара аэропорт дӀалаьцнера транзитехь Тель-Авивера догӀу кема лоьхуш масех бӀе стага 2023-чу шарахь гӀадужу-беттан 29-чу суьйранна. Къепедацаршкахь дакъалоцурш дуьхьал бара ХЬАМАС-н тӀемалоша динчу тӀелатарна дуьхьал Израило ГӀазза секторехь йолийначу тӀеман операцина.
- ХӀетехь талламхоша тидаме ийцира 142 стаг. ТаӀзарш динчу нахаца а, царна тоьхначу хенашца а и бехкзуламан гӀуллакх Оьрсийчохь уггар а даккхийчех а, шогачех а хилира. Бакъонашларйархоша билгалдоккхура гӀуллакх толлуш нийсо лелийна цахилар: хаамбора, бехкебинчашлахь оцу къепедацаршкахь дакъа лоцуш ца хилларш а хила тарлора, бохура, ишта тӀехь ницкъбина бехкаш тӀелецийтинарш а хила хьесап дара.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю